Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 43-44 (9782) / 1 октябрь 2018 с. / итни 21 Мух1аррам 1440 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




Учитель –это больше, чем профессия, учитель –призвание. Своей работой учитель закладывает основы мировоззрения многим поколениям, являясь образцом мудрости и справедливости.

Примите идущие от сердца поздравления с Днем учителя и наилучшие пожелания!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

---

**Дорогие учителя и ветераны педагогического труда!**

Поздравляю вас профессиональным праздником – Днем учителя! С наилучшими пожеланиями *депутат НС Республики Дагестан К.-п. (М.-п.) Д.Умаханов*

---

**Уважаемые педагоги!**

Поздравляю Вас с профессиональным праздником. Учитель гордое звание, которое по жизни несут самые заслуженные и достойные.

Так пусть же учительские будни приносят только радость и будут плодотворными.

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г.Махачев*

---

**Х1урматия районалъул учительзаби!**

Баркула нужеда профессионалияб праздник!

Гьарула х1алт1улъ бергьенлъаби, щулияб сахлъи, халатаб г1умру.

*Районалъул харабазул Советалъул председатель М.Г1.Чупалаев*
*Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1.А.Адимирзаев*
*Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х1.Г1.Мух1амадх1абибов*
*«Цогояб Россия» партиялъул бак1алда бугеб отделениялъул исполкомалъе нухмалъулев С.Х1.Алтумирзаев*

*Конкурс: «Чапар - 2019»*

## Лъ а з а б и!

К1удияб Ват1анияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон т1убаялъул х1урматалда, «Чапар» газеталъул редакциялъ лъазабулеб буго (ц1алдохъабаздагун ч1ах1иязда гьоркьоб) **«Рагъул бах1арзазе -даимаб рецц»** абураб темаялда конкурс.

Конкурсалде рит1улел сочинениязби, макъалаби, куч1дул ва гь.ц. рук1ине ккола нилъер районалдаса Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1азул х1акъалъулъ бицен гьабулел. Лъик1аб бук1ина гьел макъалаби фронталдаса рач1арал кагътаздалъун ва суратаздалъун бечед гьаруни.

Конкурсалъул х1асилал гьаризе руго 2019 соналъул 15-20 апрелалда. Макъалаялда яги сочинениялда гьоркь рук1ине ккола авторасул мух1канго хъварал-фамилия, ц1ар, х1алт1улеб, ц1алулеб, яшав гьабун ругел бак1ал ва телефоналъул номер.

2019 соналъул 1-аб. апрелалдаса хадур редакциялде рач1арал макъалаби конкурсалде къабул гьаруларо. Конкурсалда бергьаразе кьезе руго Х1урматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Нижер адрес: **Казбек район, Дилим росу, «Чапар» газеталъул редакция. Эл.почта: redakciya-chapar@ mail.ru.**

*РЕДКОЛЛЕГИЯ.*

## Назначен председатель Правительства



24 сентября на внеочередной сессии парламента республики Дагестан утвердили Артема Здунова на пост председателя правительства республики.

В понедельник глава Дагестана Владимир Васильев внес кандидатуру Артема Здунова на рассмотрение депутатов НС РД на должность председателя кабмина Дагестана.

За него проголосовали 75 парламентариев, один проголосовал против, один –воздержался.

Напоминаем, что Артем Здунов работает в должности председателя правительства РД с февраля 2017 года. Ранее он занимал пост министра экономического развития Татарстана.

## Администрациялда данделъи



Гьаб соналъул 25 сентябралда райадминистрациялда т1обит1араб активалъул данделъиялда г1ахьаллъана «Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер Х1. Х1. Мусаев, гьесул заместитель З.Эмеев ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.



Гьеб данделъиялъул халгьабиялде росун рук1арал : «Районалда ругел учреждениябазул хасалиде бугеб х1адурлъи», ва «Бак1алда ругел органазул недвижимосталъул объектазе Пачалихъияб кадастралъул къимат кьеялъул тадбиразде бугеб х1адурлъи»- абурал суалазда т1асан докладгун цере рахъана архитектураялъул отделалъул начальник Мух1амадмасарХ1ажиев ва ГБУ РД «Дагтехкадастр» г1уц1иялъул директор Казимпаша Салимханов.

Данделъиялде росарал суалал рича- чвана ва гьаруна рекъон кколел х1укмаби.

*С. СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Ишахиса лъим*

# БихьичIебани божилароан



Араб щамат къоялъ 22 сентябралда Ишахи участокалдаса лъим бачунел хIалтIухъабазде аскIоре щвана Алмахъ росдал администрациялда цебе гIуцIараб харабазул Советалъул председатель ХIусен Тупаев,«Алмах-Салатавия»журналалъул бетIерав редактор Динуч Динаев,РФялъул журналистазул Союзалъул член «ХIакъикъат», «Миллат», «Чапар» газетазул мухбир СалихI СалихIов, жамгIиял хIаракатчагIи: Сулайман Сусланов, Юсуп Билалов, ГIабдузайид ХIанипаев, ГIабдулмутIалиб ва ГIабдулгIазим Будайчиевал, Гуни росдал администрациялъул бетIер Иманзагьир Ильясов,гьесул гьалмагъ Исрап МухIамадгъазиев,Буртунаялдаса ГIабдурахIман Салманов ва Мусакаев Мусакай. Хадусеб къоялъ гьенир гьалбаллъун рукIана Гумбет районалъул Мелъелт1а росдал администрациялъул бетIер, гьесул гьудул-гьалмагъзаби (жавабиял хIалтIухъаби), гьединго Буртунаялдаса Анас Абуев, ХIажи ХIасанов ва Камил Жамалдинов.



ТIадехун цIарал рехсарал гьалмагъзабаз лъикIаб къимат кьуна къокъаб заманалда гьеб участокалда гьабураб хIалтIуе.

Баркала загьир гьабуна лъим бачиналъе къучI лъурав Буртунай росдал бетIер АхIмад Салмановасе, гьесул божарав гьудул Алмахъалдаса Салман Сахрудиновасе, механизаторал Тимирав ва ГIалибег Юнусовазе, ГъайирбегГIалиевасе,Юсуб Байбулатовасе, Гъапур МухIамадгъазиевасе ва гIемерал цогидазеги.

Аллагьас баракат лъеги нужедаги нужеца гьабулеб халкъалъе пайдалияб хIалтIиялдаги ян абулеб букIана гьалбадерица.

Гьезда цересел къояз гьеб участокалде щварал Буртунай, Гуни, Дилим, ИчкIа, Гьозтала, Алмахъ росабазул имамзабазги, жамгIиял хIаракатчагIазги жидерго рохел загьир гьабуна кIиго моцIил болжалалда лъим бачунеб участокалда гьабун батараб бергьун кIудияб хIалтIиялдаса.

Нижедаго бихьичIебани, киданиги ниж божилароан,гьал чIахIиял кьурабиги гIанлъун Ишахиса, Алмахъ росдал гIорхъоде щвезегIан 4-5 метра гIеблъиялда нух гьабунилан абураб жоялдаян абуна гьез.

***Информцентр.***

# «Милъиршо» ясли - ахалда данделъи



Гьал къоязда Хубар росдал «Милъиршо» ясли-ахалъул гьит1ичазулгун библиотекаялда т1обит1ана нухазда автоавариязул х1асилалда лъималазе мукъсанлъи ккеч1ого бук1ин мурадалда «Нуж ц1одорго рук1а», «Щиб жо кколеб светофор?», «Кина-кинал рук1унел машинаби?», «Нухазул знакал», «Ниж, ина,ина,ина», «Нух расандулеб бак1 гуро»- абурал темабазда бицен гьабураб данделъи.

Гьеб данделъиялъул жигарал г1ахьалчаг1илъун ккола М. Мазакъова, Х.Х1усейнова,библиотекалъул заведующая А. Х1ажиева.

Гьит1ичазги гьениб бихьизабуна жидерго гьунар, рик1к1ана куч1дул, гьаруна кьурдаби ва бат1и-бат1иял расандаби.

***Маржанат МАЗАКЪОВА, Хубар росу.***

*Расул Х1амзатовас - 95 сон!*

# Расул ХIамзатовасул юбилей



Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатовас 95 сон тIубаялда хурхарал данделъаби тIоритIана районалъул росабазул библиотекабаздагун районалъул Централияб библиотекаялдаги. Гьенире гIахьаллъана росабалъа батIи-батIиял идарабазул хIалтIухъаби,школазул цIалдохъаби ва адабияталъул мугIалимзаби.

Дунялалда жиндир ц1ар машгьурав, шаг1ир Р.ХIамзатовасул рук1ана умумузул гIумруялъул бицунал,хасго чIужугIадан-эбел кIодо гьарулел асарал. Гьединаздасан цоялъун ккола «МагIарулай»-абураб поэма. Расулил хвел гьечIеб гьунаралъул данделъиялда бицана гимназиялъул мугIалим Загьра Ах1мадхановалъ, Централияб библиотекаялъе нухмалъулей Зульмира Адимирзаевалъ, лицеялъул мугIалим ПатIимат Гъазихановалъ. Хубар росдал школалъул цIалдохъан Хадижат ПирахIмаевалъ рикIкIана Р. ХIамзатовасде жинцаго бахъараб кечI, Р.ХIамзатовасул кучIдул цIалана библиотекаялъул хIалтIухъаби Зазай Камиловалъ, Равзанат М-хайрулаевалъ. Хубар росдал школалъул мугIалим Вазипат ГIазизовалъ бицана шагIирасул ВатIан ЦIада росулъе жинцаго гьабураб сапаралъул,гьесул эбел-инсул рукъоб бугеб гьез хIалтIизабулеб букIараб тIагIелалъул, музеялде цIунун бугеб къайи-къоноялъул.

«МагIарулай» поэмаялдасан гIуцIараб театралиял сценкаби рихьизаруна Гьозтала росдал школалъул цIалдохъаби: Муса Хасаевас, ПатIимат Юсуповалъ,ВахIидат Хасаевалъ, Дилим росдал №2 «КенчIеро» лъималазул ахалъул тарбиячагIи: Ума Гьанаматовалъ, Зумурат Абакаровалъ, Заира Мадаевалъ, Пайшат СагIидовалъ, СайихIат ХIасировалъ ва Аминат Джамаевалъ.

Данделъиялъул ахиралда т1олалго г1ахьалчаг1аз ах1ана Р. ХIамзатовасул «МагIарулал» абураб кечI. Гьоркьо-гьоркьоб Р. ХIамзатовасул творчествоялъулги бицунаго ахиралде щвезегIан тадбир бачана Ажабика ГIабдулмуслимовалъ.

***ХI.КАРИМОВА.***

*Инсан ва г1умру*

# Къуна лъик1аб къимат

Гьал къоязда «Буртабазул г1олилал» абураб къокъаялъ (группа), жидерго г1арцудалъун росдал имам Рамазан Къасумовасул ва г1олилазул цевехъан Шамил Расуловасул нухмалъиялда, росдада жанисан унеб аслияб къват1алъе т1убараб ремонт гьабулеб буго.

Лъабго километралъул 2,5 километралда хъил т1ураб нухалъул хварал бак1ал къач1ана ва хут1араб бут1а хъил т1езе





х1адурулеб буго.

Гьединго, г1олилаз т1аде босун буго росулъ ва росу бахун къват1ибехун рац1ц1а-ракьалъи ч1езабиялда хадуб хъаравуллъи ккезе, цере отараби рук1арал бак1азда, исана соналъ азарго пихьил гьвет1 ч1езе ва ахираталъул рукъоре унезул хобазда ч1вазе заназул нахърател гьабизе.

25 сентябралда т1обит1араб райактивалъул данделъиялда, районалъул бет1ер Х1.Х1.Мусаевас Буртунаялдаса г1олилаз гьабулеб бугеб х1алт1уе кьуна лъик1аб къимат.

***К.АБУБАКАРОВ, Буртунай росу***

*Дин ва гIумру*

# Къуръан цIалулезул конкурс...



22 сентябралда Дилим росулъ тIобитIана канлъукъал руччаби – инвалидазда гьоркьоб Къуръан цIалиялъул ва диналъул аслаби рициналъул 2- абилеб Республикаялъул конкурс.

Гьеб гIуцIана Казбек районалда бугеб ТIолго Россиялъул канлъукъазул обществоялъ. Гьенире гIахьаллъана 12 Къуръан цIалулел руччаби.

Конкурс гIуцIун букIана 3 бат1ияб тематикаялда:

I. Брайил (канлъукъазе кумекалъе хIалтIизабулеб хасаб) шрифталда Къуръан цIали.
2.Канлъукъазда гьоркьоб Къуръан цIали.
3.Какил шурутIал ритIун тIуразари.

Хасаб шрифталда Къуръан ц1алиялда т1оцебесеб бак1алъе мустах1икълъана МахIачхъалаялдаса Кимайлова Фатима, кIиабилеб бакI босана Гъизилюрталдаса Насибова ПатIиматица ва лъабабилеб бакI Хасавюрталдаса Кункуева Аминатица.

КIиабилеб тематикаялда т1оцебесеб бак1 щвана -ПабдулхIакимова Марьямие (Дилим), II-леб –Сулайманова Хадижатие (Хасавюрт), III-леб- Хапизова Марьямие (Дилим).

Какил шурут1ал рит1ун т1уразариялъул халгьабиялда т1оцебесеб бак1алде яч1ана-Хасавюрталдаса Сулайманова Хадижат, кIиабилеб бак1 щвана - ПабдулхIакимова Марьямие ва лъабабилеб МахIачхъалаялдаса Кимайлова Фатимае.

Конкурсалда хадуб мадрасалда цIалулел ясаз ах1ана Пашурал къо к1одо гьабун мавлид.

Конкурсалде гIахьаллъаразе гьенир кьуна къиматал сайгъатал. Гьелъие квербакъи гьабуна: Буртунай росулъа Сулайманов Пайгибица, МухIамадрасул, МахIач, Мухтар Мух1амадоваз, Жамалдинов ХIажица,Дадаев Раджабица, Сурхаев Маликица.Магаев МахIачица, Дилималдаса Ибрагьимов Ибрагьимица (Аби), Патах1ов Шамилица, Сайдулаев Ибрагьимица, Ленинаулалдаса Абулаев Раджабица,МухIамадгIалиев Палица, «Инсан» рахIму-ц1обалъул фондалъ.

Гьединал сахаватал г1адамаздасан бечедаб буго нилъер район.Гьел руго нилъер ч1ух1и умумузул нухдасан унел унго-унгоял маг1арулал.

Аллагьас аза-азар даражаялде бахинабеги гьез гьабураб кумекги лъикIал ишалги.

***М.АБУЛАЕВ,***
***Казбек районалда бугеб канлъукъазул обществоялъул председатель.***

*Терроризмалде ва коррупциялде данде*

# Т1асанго батананиги...

Ахирияб заманалда нилъее х1инкъи бугеб жолъун лъуг1ун буго - терроризм, экстремизм, наркомания. Гьелде данде пачалихъалъул даражалда х1алт1и гьабулебги буго. Бугони щиб, зама-заманалда гъачагъаз бут1рул эхеде рорхула, халкъ х1алхьиялда теларинги абун. Цо кинаб бугониги балагь гьабич1огунги гьел ч1оларо. Гьедин ккана 1999 соналъ. Чачаназул республикаялъул рахъалдасан Дагъистаналде рач1ана лъик1аланго изну гьеч1ого яргъид г1уц1арал гъачагъазул къукъа.

Гьеб заман бук1ана, Россиялъул киналго бут1абазда бихха-хочи бугеб, г1адлу-низам чучлъараб, экономика заг1ипаб, хасго рагъулал частазул мукъсанаб къуват бугеб заман.

Гьелъ гъачагъазул къокъабазе рес щвана Болъихъ, Ц1ияблак, Ц1умада районазул цо-цо росабалъе жанире лъугьине.

Нилъеда лъала Дагъистаналъул халкъ кидаго бук1араблъи бах1арчияб, ях1-намус жиделъ бугеб, цоцазе кумекалъе бахъунеблъун. Гьедин, гьеб лъугьа-бахъиналдеги халкъ къват1ибе бахъана. Къокъаб заманалда, жиб-жиб росулъ, районазда г1уц1ана ополченцазул къокъаби, бокьараб заманалда жал, ярагъ кодобгун, тушманасде данде гьужумалъ ине х1адурал.

Къокъабго заманалда Россиялъул армиялъул кумекалдалъун Дагъистан гъачагъаздаса бац1ц1ад гьабуна ва ракълилаб г1умруялде руссана.




Баянаб бук1ахъе, террористазул аслияб мурад буго - ч1ван, кьвагьизарун, х1инкъизарун пачалихъалъул г1уц1и хисизаби. Гьедин рач1арал рук1ана дол гъачагъалги доб заманалда Дагъистаналде.

Заман анаг1ан нилъер х1укумат къуват бугеблъун лъуг1ана, террористазде данде гьабулеб рагъ гучлъана, нилъерго улкаялда гуребги гьеб бахун къват1ирехун ругездаги кьаби щвезабизе рес бугеблъун лъугьана. Гьанже хал гьабураб мехалда, бихьулеб буго нилъер улкаялда г1емерлъулеб бук1ин пачалихъалъул буголъи бикъа-хъами ва ришват боси. К1олеб гьеч1о, гьеб чуруклъи х1алт1изабич1ого, т1адег1анал ц1алул заведениязда ц1ализе, яги хадусан х1алт1и щвезе. Нилъер улкаялда руго т1абиг1иял нахърателал (нарт, газ, маг1дан ва гь.ц.). Гьел нилъеца ричулел руго къват1исел улкабазеги. Ругони щиб, щаялиго, моц1идаса моц1иде багьа гьабулеб буго ц1атари, газ, электрическияб энергия, гьелдаго цадахъго хиралъулеб буго къайи-къоно, кванил ниг1матал, дару-дарманал. Гьелъ халкъалъул х1укуматалдехунисеб рокьи, дагь-дагькккун, нахъбекулеб буго. Бищун квешаб жо буго божиялъе рек1к1 гьаби. Рек1к1алъул ахир лъик1аб бук1унареблъи нилъеда лъала. Нилъеца абула гьеб т1асанго бугеб жо бугилан. Батила т1асанго. Гьенисан бугонийищ бегьулареб квешаб жо добег1анги тун, лъик1абги гьабун, ях1-намусги ц1унун, рак1бац1ц1адго х1алт1изе. Щибав чияс жинда т1адал ишал диналдегун законалде данде кколеб даражаялда т1оразаризе.

***Х1.АДИМИРЗАЕВ, Дилим росу***

*(Цебесеб - 34,- 40 номеразда)*

**Пат1а Айтемирова**

# Къисматалъул кьерал

**(КЪИСА)**

Хадусеб бук1ана гьаракь гьеч1еб киноялда г1адин. Гьавугьин дидехунги руссун, киналго данде рекеризе лъугьана. Рехун жиндирго къайиги тун, йичарухъанцин яч1унеей йик1ана.

- Дида ятана к1одоэбел! Т1оцее дида йихьана гьей! Дун ялагьич1ейани, гьей ятулароан.

- Гьит1ичалъул гьаркьаз гьоркьоб къинабулеб бук1ана цогидазул к1алъай. Киналго диде аск1оре щвана. Кидаго г1адин, гьит1инав васас, кодоеги йосун, дун г1одой лъуна, дихъ бугеб лъимадул пикруги гьабич1ого. К1удияв вас, тохтурасул къаг1идаялда, гьеж-кверала квералги рахъун, гьоркье т1аде валагьизе лъугьана. Нусал к1иябго рахъалъан хурхун рач1ана, цогидал, дорег1анги ч1ун, ралагьун рук1ана. Киналго рохун рук1ана дун ятиялдаса.

- Щиб ккараб?

- Кий мун йик1арай?

- Щай телефоналъ к1алъач1ей?

- Дун ругьунай йиго дуе кколел лъугьа-бахъиназда. Гьазие-дозие кумек гьабулаго, дуда к1очона цогидал. Гьанжегийищ дуда ратарал дидасаги дур кумек къвариг1арал? – Мариница, ах1делаго, дида убачал гьарулел рук1ана.

- Рецц Аллагьасе, мун ятидал. Дица дуда сон абунагури къвариг1аралъуе щвезайилин. Мунин абуни, гьаний рещт1ана, - таксист вохун вук1ана ц1ех-рехалдаса ворч1иялдаса.

-Дица абунагури, таксиялдасаги рещт1ун, дир пихъги босун, гьаб къот1ное анин гьейин, - йичарухъан жиндаго рак1алда ч1еялдаса ч1ух1ун йик1ана.

- Гьанже киналго ккараб бицине полициялде рилълъине ккола,- ян т1ад вахъун ч1ана полициялъулав.

- Бабу, гьаб лъимер лъил? - Васасул ясалъ кьураб суалалъ киналго г1акълуялде рач1инаруна. Дир к1игъежалда бет1ерги лъун, киналъухъго к1вар кьун, ялагьун йик1ана гьит1инай Хадиджа.

- Марьям! Кий Марьям?

- Кинай Марьям, бабу?

Дун сверухъ ялагьана. Х1инкъадго киназухъго ялагьун ч1арай Марьямида васасул г1одицин раг1улеб бук1инч1о. Х1инкъарай ва йиххарай Марьямихъги ралагьун, сих1къот1ун, ч1ана сверухъ рук1арал.

- Гьай щий, мунгун йигей ч1ужуйищ гьай? Лъимал гьалъулищ?

- Машиналъуерег1аги рилълъа, нилъехъ г1адамал ралагьулел руго. - Дихъа ясги ячун, к1удияв вас цевехун ана. Марьямил кверги ккун, дунги хадуй ана. Гьит1инав васас полициялъулав вахъинегори вачун, цо жоги абун, нухда лъуна. Баркалаги кьун, гьес таксистги йичарухъанги нахъе рит1ана. К1иго раг1иялдалъун Маринае ккарабги бицун, дица киналго рокъоре рачунел рук1ана.

- Ч1ая, гьедин бегьуларо. - Маринаца дорехунги рачун, дир васазда цо щибали абулеб бук1ана. Гьез дунги аск1ое ах1ана.

- Гьедин жо кколаро. Дуда бич1ч1ун бугищ лъилгун иш дуца гьабулебали? Гьел суалал, ц1акъ ц1одорго, т1уразаризе ккола. Гьанже дица т1убала хадусеб. Нуж нужерго ишазде рикьа, гьединги киналго х1алт1уде кват1анин. Лъималазе ва эбелалъе кумек гьабулеб Централде рилълъине ккола гьабсаг1ат.

- Марина, лъимал кванaзе гьаризе ккеларищ?

-Дора гьел кваназеги гьарула, гьезие рет1изе рет1елги кьола. Гьенирго т1уразе ккола гьезул ихтиярални, х1инкъи гьеч1олъи ц1униялъулги, къаймлъиялъулги ва цогидали суалал. Нилъеца т1аде росизе бегьуларел суалал руго гьел. Дуда кколищ гьел ралагьич1ого телин? Эбелги лъималги рук1ине ккола х1инкъи гьеч1еб бак1алда. Кколел идарабаз ц1ехезе те щиб гьабулел чаг1и лъималазул эбел-эменали. Дуеги ц1ех-рех камиларо.

- Марьямица гьабураб гьеч1о, гьей художник йиго!

- Г1емер лъик1, амма гьеб суал дица абухъе т1убазабизе ккола. – Маринаца т1ад бан бук1араб к1аз бахъана.

Риидал мехалъ г1адин бух1ун бугеб бакъалъ сверухълъи лъик1го хинлъизабулеб бук1ана.

9

Централъул специалистаз, ругьунаб х1алалда ц1ех-рехги гьабун, кагътал ц1езарулел рук1ана. Дица, къокъгьабун, бицана кин ниж дандч1варалали ва хадусан ккараб. Халатбахъараб хьвай-хъвалда хадуб, эбелги лъималги Централда парахалъана. Яргъид г1уц1арал полициялъулалгун, дунги Марьямги доб рукъоре ана ва гьениса киналго суратал нахъе росана.

Дир Мах1ачхъалаялде бухьараб сапар анкьалъ халат бахъана. Щибаб къоялъ дун щолаан Марьямихъе. Лъималазда гъорлъги росун, Муслимги Хадиджаги разиго рук1ана. Марьям свакан йик1ана щибаб къоялъ гьарулел ц1ех-рехаз, амма лъимал ц1унараб бак1алда ругелъул, гьелъул рак1 парахат бук1ана. Марьямица суратал рахъун ва илг1анал хьван Централъе х1ажатал х1алт1аби гьарулел ругоан. Гьелъул суратазул цебелъейги гьабун, цо-цоял ричун, щвараб г1арац гьелъ Централъул къвариг1елазе кьуна. Анкьидасан гьелъухъе рач1ана росулъа вацг1ал ва яцг1алзаби. Гьел рохун рук1ана Марьям ятиялдаса ва росулъе ах1улей йик1ана.

- Дур рукъ биххун бугониги, мун бокьараб мехалъ нижехъе яч1ине бегьула. Ц1ияб мина базеги квербакъила. Дуда ккараб таралъул.щибго г1айиб гьеч1о Рецц Т1адег1анасе. Ниж, х1инкъадго, г1енеккулаан ц1иял харбазухъ, дур ц1ар раг1инебин.

Бич1ч1унеб бук1ана к1удияб балагьалдаса Марьямги лъималги рорч1араблъи ва гьелдаса киналго рохун рук1ана.

10

Маринагун г1одой ч1ун, рак1-рак1алъ к1алъач1ого, рукъое т1адюссине дие данде ккезе бук1инч1о.

- Марина, жакъа духъе яч1ине рак1алда бугоха.

- Шагьаралда цоги дур кумекалде ккарал ругодан ялагьизе щай мун унарей?

- Мунги яшавун йик1а г1адамазда ятулеб бак1алда.

- Унго нух къосун кканин абизейищ дуе бокьун бугеб?

- У. Нужер шагьаралда рохьоб бук1унелдаса квешаб х1ал буго. Рохьоб гьут1буздасанг1аги рахъ - мухъ лъазе к1ола. Гьанир киса-кирего рукъзал ран, г1адан хьвадизе бак1цин тун гьеч1о.

- Дуда г1айиб щиб, цогидаздаги дир рукъ зах1матго батула. Гьанже васаз мунго йиччаларо шагьаралде, гьелгун яч1аха. Ч1ая, дие школалда художникин х1ажат вугев.

- Вай, дир гьеч1ого г1оларей Марина! Дида бич1ч1ана дур рак1алде ккараб лъик1аб жо. Дица гьабсаг1ат гьарила пуршцаби ва яч1ина духъе.

***(Хадусеб бук1ине буго).***

*Дин ва г1умру*

### Щибав бусурман чиясда лъазе тIадал руго гьал суалазе кьолел жавабал

**Мун бусурбанав вугищ?** - АльхIамдулиллагь.

**Дун дуда щакав вуго** - Шагьадат дир нугI буго.

(Ашгьаду Аллаилагьа иллалагь ва ашгьаду анна МухIаммадан расулуллагь).

**Дур БетIергьан щив? -** Кинабго жо жинца бижарав Аллагь.

**Дур Авараг щив?** - МухIаммад (с.т.гI.в.с) (Къурайшияб тухумалъул, Гьашимил кьибилалъул, Маккаялда гьавурав, гьениб Авараглъи кьурав, Мадинаялде гьижра гьабурав, гьенив вукъизеги вукъарав).

**Дур дин щиб?** - Ислам.

**Дур иман щиб?** - Къуръан.

**Дур къибла щиб?** - КагIба.

**Дур вацал щал?** - Муъминал бихьинал.

**Дур яцал щал?** - Муъминал руччаби.

**Дур эмен щив?** - Адам авараг(гI.с)

**Дур эбел щий?** - ХIава.

**Дур тущман щиб?** - ЩайтIан.

**Мун лъил зурияталъул?** - Адам аварагасул (гI.с).

**Мун лъил миллаталъул?** - Ибрагьим аварагасул (гI.с).

**Мун лъил умматалъул?** - МухIаммад Аварагасул (с.т.гI.в.с)

**Мун лъил мазгьабалъул?** - Имам ШафигIил мазгьабалъул. Мазгьаб чан бугеб? - Ункъго буго: (Имам ХIанафил, Имам Маликил, Имам ШафигIил, Имам АхIмадил).

**Мун щиб къоялъ бусурбанлъарав?** - Явмаль гIагьди Валь мисакъ абураб къоялъ. (КъотIи гьабурабги къотIи босарабги къо).

Аллагьас рухIал рижарал къоялъ гьезда цIехана:

**Дун гьечIищ нужер БетIергьанлъун?**-Вугоян жаваб кьуна рухIаз.

**Диналъул аслу чан бугеб?** - Лъабго буго: Иман, Ислам, Суннат. Иман щиб жо кколеб? - Аварагасдасан (гI.с) бачIанщинаб жо ракIалъ ритIухъ гьаби.

**Иманалъул рукну чан бугеб**? - Анлъго буго:

I). Аллагьасда божи,

2). Аллагьасул малаикзабазда божи,

3). Аллагьасул тIахьазда божи,

4). Аллагьасул аварагзабазда божи,

5). Ахир Къиямасеб къоялда божи,

6). Къадаралда божи (лъикIабги квешабги Аллагьасдасан буго).

**Ислам щиб жо кколеб?** - Аварагасдасан бачIараб жоялда мукIурлъун нахъ вилъин.

**Исламалъул чан рукну бугеб? -** Щуго рукну буго:

I). КIиябго шагьадат битIи,

2). Къол щуябго как бай,

3). ЗакагIат-сахI бахъи,

4). Рамазан моцIалъ кIал кквей,

5). ХIал кIвани хIежалде ин.

**Суннат щиб жо кколеб?** - Аварагасул (гI.с) нух.

**Аллагьагьасе чIезе гьаризе тIадал сифатал чан ругел?** – Къого сифат буго.

I). Вужуд -Ватизе тIалъи.

2).Къидам - Авал гьечIолъи.

3).Бакъаъ- ТIаса унгутIи.

4).Мухалифатугъу тагIала лил хавадиси- Сундаго релъунгутIи.

5).Къиямугъу тагIала бинафсигьи - Сундего хIажалъунгутIи.

6). ВахIданият - Цо вукIин.

7).Къудрат - Киналдего хIал кIвей.

8). Идарат- ЛъикIаб квешаб бокьи.

9).Iелму - Лъайи.

I0).ХIаят – ЧIаголъи.

II).СамгI- РагIи.

I2).Басар - Бихьи.

I3).Калам - КIалъай.

I4). Къадирун - Киналдего хIал кIолев вукIин.

I5).Муридун –ЛъикIаб квешаб бокьулев.

I6).ГIалимун- Кинабго лъалев.

I7).ХIайюн-Жив чIагояв.

I8).СамигIун- Кинабго рагIулев.

I9).Басирун-Кинабго бихьулев.

20).Мутакалимун-жив кIалъалев.

*Спорт - здоровье человека*

# Ф у т б о л



23-24 сентября в с.Дылым состоялось первенство района по футболу на кубок главы администрации МР «Казбековский район».

В турнире принимали участие 12 команд из сельских поселений района.

По итогам предварительных встреч в финал вышли команды селений Дылым и Ленинаул. Со счетом 3:0 выиграла команда с.Ленинаул и стала победительницей турнира.

За 3-4 места боролись команды «Ветераны» селений Дылым и Буртунай. Победила команда «Ветераны» и заняла третье место.

Лучшими игроками турнира признаны: Магомед Адуев, Махач Абукаев из с.Ленинаул, Арслан Идрисов, Мурадис Улубиев из.с Дылым.

Приз зрительских симпатий получил ветеран футбола Шамиль Магомедов из с.Гертма.

Победители и призеры были награждены кубками, грамотами и денежными призами администрации МР «Казбековский район».

***Нач. отдела ФК и спорта райадминистрации И.А.Булатханов.***

*Щивго к1очон гьеч1о*

# *Хасавюрталъул ТОКСалдаса кагътал*

**Ц1ехолел руго…**

Рак1алде щвеялъул т1ехьалда ц1ар рехсон буго Алмахъ росулъ 1923 соналъ гьавурав Ват1анияб рагъул г1ахьалчи, гьит1инав сержант, 1943 соналъул 20 сентябралда Брянск областалъул, Клетнянский районалъул Печная Слобода абураб росулъ ч1варав Хасбулатов Гъайирбегил.

Нижеца ТОКСалъулаз ц1ех-рех гьабулеб буго бугищ гьев рагъухъанасул хоб ц1унунан.

Брянск областалъул жавабиял х1алт1ухъабазухъан нижее жеги жаваб щвеч1о.

\- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Казбек районалъул Гертма росулъа Ват1анияб рагъул г1ахьалчи, к1удияв сержант Г1абдулаев Мух1амадица рагъул соназда бихьизабураб бах1арчилъиялъе г1оло гьесие шапакъатал кьезелъун, гьес хъулухъ гьабурал частазул командираз гьадинан хъвалеб буго:

***«Наводчик орудия 1-й батареи 887-го артиллерийского полка 324-й стрелковой дивизии тов. Абдулаев в боях 10 ноября 1941 года под городом Кашира получил тяжелое ранение и легкое ранение 22 января 1942 года под городом Мосальск.***

***В наступательных боях с немецкими захватчиками 5 июля 1944 года под деревней Великий Лес, при уничтожении окруженной группировки противника, проявил отвагу, мужество и героизм. Враг численностью 600 автоматчиков стремился выйти из кольца, пошел в атаку. Бойцы встретили его прямой наводкой в упор, атака врага была сорвана с большими потерями для немцев живой силе. Заслуживает орден Славы III степени».***

**Командир полка, подполковник Данченков - 10.07.1944 год.**

***«Командир орудия 1-й батареи 887-го артиллерийского полка 324-й стрелковой дивизии тов. Абдулаев в Отечественной войне с 10 октября 1941 года - на Западном фронте. Далее сражался на Брянском, Белорусском 2-м и 3-м Белорусском фронтах. В боях под городом Сухиничи 23 января 1942 года получил осколочное ранение в правую руку. Ранее награждался медалью «За боевые заслуги» приказом по полку от 3 мая 1944 года и орденом Красной Звезды приказом по дивизии от 20 июля 1944 года.***

***В боях по уничтожению войск противника в Восточной Пруссии 28 февраля 1945 года в районе деревни Пербанден проявил отвагу, мужество и героизм. Противник собрал до батальона пехоты и при поддержке «Фердинандов» пошел в контратаку. Абдулаев с орудием выдвинулся вперед на 150 метров от Контратакующего противника и в упор посылал снаряды. Когда орудие выбыло из строя, расчет орудия и Абдулаев из стрелкового оружия и гранатами отбили контратаку немцев. Он храбро сражался до тех пор, пока контратака противника не была отбита. Заслуживает правительственной награды - ордена Красного Знамени.***

**Командир полка, подполковник Данченково. 30.02.1945 год».**

**Старший сержант награжден орденом Красного Знамени**

*Б. ХАЛИЛУЛАЕВ, г. Хасавюрт*

*(Хадусеб бук1ине буго.)*

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип*
*ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна*
*редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация*
*МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул)*
*адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,*
*368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №132 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД*
*19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*